Соколёнок

# Лачен

1/2018
январь-февраль

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



## Дагъистаналъул букIинесеб






Аваразул машгьурай шагIир, драматург, пачалихъиял ишазул нухмалъиялда, гьединго Аваразул музыкалиябгун-драмаялъул театралъул директорлъун йикIарай, хIалхьиялде ун хадуб жиндирго машхел-гьунар тIолалго исламиял церехъабазулги, батIи-батIиял ишазул бахIарзазулги, гьединго машгьурал гIадамазулги гIумруялъул бицунел тIахьал хъваялде буссинабурай Машидат Гъайирбековалъул 90 сон тIубаялъул кIудияб дандеруссин тIобитIана гьебго театралъул сценаялда. Гьеб тадбиралда гIахьаллъизеги балагьизеги рачIараз занкIун цIун букIана зал. Бихьизабуна анцIго соналъ цебе гьебго сценаялда гIодойги чIун гIумруялъул 80 сон тIубай тIобитIулаго Машидатица данделъаразе гьабулеб аманат-хитIабги, гьелъухъе рокъоре рачIаразде гьелъул букIараб гьудуллъиялъулгун-гьоболлъиялъул асарги, гьелъул гьуинаб вагIза-насихIатги бахъараб фильм.

Театралъул фойеялда рихьизе лъун рукIана Машидатица диналъул агьлуялъе жинцаго рикIкIен гIемерал халгIатал гьарураб рукъарулеб машинаги, гьелъул кверaз угьарал тIугьдуз берцин гьарурал кIазалги, гIемерал машгьурал гIадамалгун, гIагарлъигун, гьудул-гьалмагъзабигун цадахъ рахъарал сураталги, нилъер миллаталъул



**церехъабазул хIакъалъулъ хъварал тIахьалги.**

**ЧIахIиялго гIадин, Машидатил рагIабазда кучIдул цIализе цере рахъана Ленинкент поселокалъул, Къамыш ва Кирпич гъутаназул, гьединго Генуб росдал школазул цIалдохъаби.**



# Дицаго

## Машидат Гъайирбекова



ГьитIинав вац Бадрудин,
КIудияв гIурав гIадин,
ГIемераб жо жинцаго
Гьабилилан вукIуна.

Кванaзе гьавулелъул,
«Дицаго!» — ян абула.
РасанкIаби хIалелъул
«Дицаго!» — ян абула.

ГьитIинаб хIетIеялда
Щвата ретIунеб мехалъ,
«Дицаго!» — ян абула,
Цинги битIун ретIуна.

Ботинкаялъул чIоло
Бухьине кIвечIониги,
«Дицаго!» — ян абула,
Квер хъвазе дун толаро.

Гурдил къвал, мекъи бегьун,
Бихъиледухъ цIа-цIала,
«Дицаго!» — янги абун,
ХIалай дун виччаларо.

Кинабго жидецаго
Гьабилин тIирун чIарал
Нижер Бадрудин гIадал
Васал цIакъал рукIуна.

КIудиял гIураб мехалъ
КIудияб иш малъидал,
«Дицаго!» — ян абулел
Бихьиналлъун лъугьуна.

# Макказул садик



Дир рагъидул хIобода
ХIанчIазул садик буго,
ХъахIал маккал рештIине
Дир дадаца гьабураб.

РасагIан санагIатаб
Хъарщи буго рагъида,
ХIанчIазе мугьги балеб,
Гьекъезе лъимги тIолеб.

ЦIад балелъул, рачIуна,
ГIазул къоялъ рачIуна,
Макказул тIел кидаго
РештIуна садикалда.

ЦIадакь риччарал маккал
Ракъвазе, гвангъун щваян,
Щибаб къоялъ бакъуда
Гьардолев вукIуна дун.

ГIазукь квачарал маккал
Хинлъиледухъ рачIаян,
Бакъул чIоразде ахIун,
КIалъалев вукIуна дун.

Бищ-бищан ахIун, дица
Хъурун чед балеб мехалъ,
Гъургъур бачун, маккаца
Дие баркала кьола.

Кьураб квен тIагIарабго
ТIад цо свериги бахъун,
Макказул тIел цадахъго
Боржун уна рокъобе.

# РитIухълъи

(бицен)

Цо пуланав чияс ханасда абунила, дудаса баркатги гьечIев, гIадамазе балагь-гIазабги цIикIкIарав хан цониги ккечIилан.

– Кисан дуда гьеб лъараб? – ин цIеханила ханас.

– РитIухълъиялъ бицун лъана, бетIерчIахъад, – ан жаваб кьунила гьес.

Ханас буюранила РитIухълъи жиндихъе ахIеян. БачIун чIанила гьеб ханасда цебе.

– Абунищ дуца гьав чиясда, дидаса баракат гьечIев хан цониги ккечIилан? – абун гьикъанила ханас.

– Дир рагIаби руго гьел, хан, – ан кIалъанила РитIухълъи. – Дуца багъаризабураб рагъдаса руссинчIел васазул улбуз жеги чIегIерал кIазал рахъун гьечIо. Гьезул бахIаразул бадиб магIу бакъван гьечIо. Гьелдаса квешаб балагь киб букIинеб?

Ханас РитIухълъиялъул бетIер къотIеян буюранила. Лъунила гьеб хIохьотIа. ХьвагIанила гIаштIичияс жиндирго гIаштIи. КIибихъун хIехьги анила, щибго лъугьинчIого, чIаго РитIухълъиги хутIанила.

ЦIадабе рехе РитIухълъиян буюранила ханас. Боркьанила цIа. реханила гьенибе РитIухълъи. БухIун цIулги лъугIанила, гьороца хъамун рохьоги анила, михъцин чIурхIичIого чIаго РитIухълъиги хутIанила.

Татухварав ханас буюрухъ кьунила РитIухълъи ургъарав чи чIвазе жиндихъе вачейилан.

ВачIанила вачун РитIухълъи ургъарав чи. ГIодовги тIамун къотIанила гьесул бетIер. ТIаде халкъги балагьун хванила гьев гъарим. Амма ракьалда ритIухълъи хвелгьечIеблъун хутIанила.



Габдулмажид Хачалов

# ГІАЗУЛ БИКА



Нижеца азбаралда
ГІазул бика гьаюна.
КвачачIого йикIине
Гьелда тIимугъ ретIана.

БетIералда таж лъуна,
ЦIункIулукIазул гьабун.
ЦIорол маржанал рана
Халатаб габуралда.

Гургинаб маргъалалъул
ГьитIинаб кIал лъугьана,
КIиго чIегIераб хIули –
ХIадурал кьунсрул ккана.

Цо ламадурги хъвалхьун,
Халатаб мегIер гьуна.
ТIорччол къотIелал росун
Разиял берал лъуна.

Лъимал хасел инегIан
ГIазул бикада сверун
Садикалда кьурдана,
Цоцазул квералги ккун.

## РЕКЪЕЛ

Дие рагъ бокьуларо –
Гьелда бидул махI буго,
Гьелъул бер беццаб буго,
Гьелъул гIин гIинкъаб буго.

Дие рекъел бокьула,
Гьелда бакъул нур буго.
Гьелъ дуниял гвангъула,
ГIумру берцин гьабула.

Ракълица гвангъун буго
Дир гIагараб улка-ракь.
Баркала ВатIаналъе
Гьаб рекъел цIунаралъухъ.




ВукIанила вукIинчIила цо хан. ЦIакъ гурхIел гьечIев чи вукIанила гьев. ХъахIлъи баралдаса маркIачIумех щвезегIан хIалтIизарулаанила гьес рекьарухъаби, хIалтIухъ мухьги цIакъ къобухIараб гурони кьолароанила.

Цо хъизан кIудияв векьарухъанас хIукму гьабунила гурхIел гьабеян ханасухъе ине.

Кинилаха, кодоб-хъатикь жоги гьечIого, ханасухъе инев. ГIенеккизего гIенеккиларила хан, чIобого гьесухъе ани. Хъунила векьарухъанас цохIого-цо букIараб хъаз, бежанила, цинги, къвалакь гьебги ккун, ханасул кIалгIаялде къокъанила.

Ратанилаха гьесда ханги, гьесул чIужуги, кIиявго васги, кIияйго ясги, цIакъ бечедаб столалда нахъа гIодорги чIун, къаде кваналел.

Бицанила мискинчияс ханасда жиндирго къварилъи. Гьаранила гурхIел гьабеян.

– Гьеб дуда кодоб бугеб хъаз нижеда гьоркьоб бащад гьабун бикьун бажарани, гьабила дица дуда гурхIел, – ан вахъанила хан.

– ЛъикI буго, бикьила, – ян разилъанила мискинчи...

ТIунила гьес хъазил бетIер ва ханасухъе бегьанила:

Мун хъизаналъул бетIер вугелъул, дуе букIине ккола гьаб.

ТIунила гьес хъазил рачI ва бегьанила ханасул чIужуялъухъе:

– Мун йиго ханасул рачI, киве гьев аниги, гьесда хадуса йичIуларей. Гьединлъидал дуе букIине ккола гьаб.

Хъазил куркьбал реханила ханасул ясазухъе:

– КIудиял гIейгун нуж, эбел-инсул рукъги рехун тун, роржун ине руго. Гьединлъидал кьолел руго нужее куркьби.

Хъазил кIиябго бох рехханила ханасул кIиявго васасухъе ва абунила:

– Нуж руго инсул нухдасан ине ругел чагIи, гьединлъидал нужее кьолел руго хъазил бохдул.

ХутIараб мискинчияс жиндиего танила.

– Хъаз бикьаралъухъ гьаб дие букIине ккола! – ян абунила гьес.

Ханасда гьесда абизе жо лъачIила. Рокъове унелъул гьесие къали цIун бугIа кьейилан лъазабунила.

Анила заман. Гьеб лъугьа-бахъин рагIанила мискинчиясул сихIирав ва бечедав мадугьаласда. Гьесдаги ракIалде кканила ханасдасан къиматаб сайигъат щвелародаян.

Хъунила гьес щуго кьарияб хъаз, режанила. Цинги гьелги росун, ханасул кIалгIаялде къокъанила.

Ханасе цIакъ рекIее гIунила бечедав чияс рачIарал хъазал ва абунила гьесда:

– Дуда гьел хъазал ращад гьарун дир хъизаналъе рикьизе кIвани, дица дуе квер цIалтараб сайигъат кьелаан.

Ургъанила бечедав чи, ургъанила, киндай щуго хъаз ханасул анлъго чи вугеб хъизаналъе бащад гьабун бикьилаян ургъанила. КигIан ургъаниги, ургъун вахъинчIила.



АхIанила гьес кумекалъе мискинчи.

Гьес босун цо хъаз ханасдаги гьесул чIужуялдаги цебе лъунила.

– Гьанже нуж лъабгоял ккана, – ян абунила.

КIиабилеб хъаз ханасул кIиявго васасда цебе лъунила:

– Гьанже нужги лъабгоял ккана, – ян абунила.

Лъабабилеб хъаз мискинчияс ханасул кIияйго ясалда цебе лъунила:

– Лъабгоял нужги ккана, – ян абунила.

ХутIараб бищун лъикIаб кIиго хъаз мискинчияс къвалакь ккунила ва абунила:

– Гьанже нижги лъабгоял ккана.

БатичIила ханасда гьесда абизе жо. Виччан танила мискинчи рокъове. Ханасухъа къиматаб сайигъат щвезе ракIалда букIарав бечедав чиясул хьулги хIорлъанила.

# «Лаченалъул» архивалдаса

МухIамад Хириясулаев

## Хасел



МугIрузде гIазу бана,
ГIорал цIорокь кьерана.
ЦIорораб хасалица
Ханлъи кибго гьабуна.

Хинал ракьазде арал
ХIанчIазул кечI къотIана.
Къудкулги гъутIбузда тIад
Гьаримго кIусун чIана.

Амма чIиргъи-хъуялда
ХъештIолел лъималазе
Дуниял квачанагIан
Кеп-аваданлъи буго.

# Ицико



Дир берцинаб ицико
ГортIе бахун бегана,
ЦIоролъан бакъул канлъи
Бикъизе къасдай ккана.

Гъеб хинлъизе теларин
Квачгун цIорой лъугьана,
ЦIоротIе цIерги биччан
Гъез расенал рахъана.

Цинги квачараб кету
Дир тIингъилъе лъугьана,
Магъурго-магъурилан
Гъелъ маргьаби рицана.

# ЧотIахъан



Хасел халалъанагIан
Иццухъ лълъим дагьлъун буго.
Дун гьелдаса дагьавги
Вохун разиго вуго.

Гьанже дун чу гьекъезе
Къойил лъарахъе уна,
Дове-нахъе рекIине
РикIкIад букIун кеп буго.

Дица цIал кIутIичIого
КIанцIулеб, бекерулеб
Бартуца нух хех тола,
Тириго бекерула.

Дихъ урхъун ралагьарал
Авалалъул лъималаз
ЛъикIав чотIахъан вугин
Чанги рецц-бакъ гьабула.




# ГЬАВАЯЛДА АХАЛ



КIиазаралда щунусго соналъ цебе бищунго гучаб азиялъул пачалихъалъул пачалъун вукIана Навуходеносор.

Гьес жиндиего лъадилъун ячана Мидии абулеб мугIрузул улкаялъул ханасул яс Семирамида. АхIи-хIуралъул цIураб кIудияб шагьаралде ракIщун йикIунаан бацIцIадаб гьаваялъ гьогьоми кьолеб, роцIараб зобалда гъоркь бугеб жиндирго инсул ватIаналде. Гьей чIалгIунаан кьурабазда тIад борхалъуда гьарурал, гьанже рикIкIада хутIарал ахазухъги. Навуходоносорие цIакъ йокьулаан жиндирго берцинай чIужу. Гьес жигар бахъулеб букIана гьелъие рекIелгъеялъе кIварабщинаб гьабизе. Гучав пачаяс хIукму гьабуна шагьар бакьулъ ункъутIалаяб ах базе ва гьеб чIужуялъе сайгъат гьабизе. Гьеб мурадгун шагьаралде рачуна рагъда асир гьарурал аза-азар лагъзал. ХIалтIизе гьелги тIамун, байбихьула ах гьабизе. ХъахIаб ганчIил ва кирпичалъул ункъутIалаяб ах хехго бан лъугIи-забула. Гьебги бала битIахъе пачаясул кIалгIабазда дандбитIун. Щибаб тIалаялде тIаде баччула беэнаб ракь. Гьенир чIола бищунго тIагIамаб пихъил гъутIби, тIегь балел хъархъал ва нус-нус батIиял тIугьдул. Гъоркьиял тIалаяздаса тIасиязде лъола мармаралъул болъал.

Щибаб тIалаялда бугеб ах лъалъазе лъим бахинабизе лъола сверулел гьакал ва хассал рогIрал. Щибаб тIала жидадаго тIад баччун букIуна цалаз. Амма рикIкIадасан ралагьаразда гьел тIеренал цалал рихьуларо. Рихьула бечедал ахал. Цоялда тIад цо ах гьаваялда бугилан ккола, гьелъ рикIкIадасан ралагьаралги хIикмалъизарула. Гьединлъидалин гьезде «Гьаваялъул ахалиланги» абулеб букIараб. Гьелъго батила чанги хIикмат лъарал некIсиял греказ гьел ахал дунялалъул анкьго хIикматалъул цояблъунги гьабураб.




*(алфавиталда щибаб хIарпалда хъварал кучIдуздаса)*



## Г

Га-га, гага, – ян хъазал
Гу-гу, гу-гу – гургурал...
Гали цебехун босе
Гусараз гIищкъуялъул.

Гали цебе лъуразул
Газа кьурда рекIуна,
Газаргъудул чIор, битIун
Горбакьулъ, гIужда щола.

Ганщал рукIа пенщолел,
ГарцIал рукIа кIанцIелел...
Гали цебехун босе
Гулливерица рокьул.

Гали цебе босичIез
Гималаи бахунаро,
Гвермендо бахIаралъул
Бадиса борхуларо.

ГодикIабахъ ганчIазда
Гаргалел регIарал те...
Гали цебехун босе,
Гагариница гIадин.

Гали цебе босичIез
Горда гъоркь тIамур хъваге,..
Гулишатил тIохда гъел
ТIад гIадада сверуге.

## Д

– Далай, далай, далалай,
Дур магIна, цIар, кисса мун?
– Дида цIар рокьи буго,
Дир цIар дагъазул буго.

– Далай, далай, дилалай,
Дур сапар щиб, сарин щиб?
– Дир сарин гIищкъул буго,
Дир сапар кибго буго.



– Далай, далай, дилалай,
Дунял, гIумру бихьараб,
Дуда мегеж щай гьечIеб?
Дуда къоно кин чIвачIеб?

– Дун гьеб мегеж дализе
ДегIенги цIцIеги гуро.
Дун – даимаб, бахIараб,
МахIуцин галадичIеб.

Дагъистаналъул сиялъ
Дандерижияз думалъ
Далай такрар гьабичIеб
ГьечIо къо, гьечIо сордо.

– Далай, далай, далалай,
Дур гьаракь къотIанани?
– Дулай, дулай, дулалай,
Дунял бихханилан те.

## Ж

ЖахIда – рокьул жанавар,
ЖахIда – макьудал жунжра;
ЖахIдаялъ квербацIцI бикъун,
Камурал дездемонал.

ЖахIда рокьи ккаразухъ
Кколеб гIазаб батани,
ЖахIда дихъго гIадинан
Лъихъго ккелароан дир.

ЖахIда – намус-цIаралъе,
ЖужахI мун гьунаралъе;
ЖахIдаялъ МахIмуд течIо,
Моцартий загьру кьуна.

ЖахIда кочIол махщалихъ
Кколеб унти батани,
Жакъа гьадигIан хIасрат
Поэтахъ ккелароан.

ЖахIдаялъул вац гьечIо,
ЖахIдаялъул вас гьечIо, –
Живго Камалил Башир
Инсул гIоштIоца чIвана.

ЖахIда букIинчIебани,
МацI-гIарза дагьлъилаан.
МацIал дагьлъаралани,
Туснахъал дагьлъилаан.

ЖахIда гьечIеб чIаголъи
Жагьилаб букIунаро, -
Жул къвариг Iун буго цо
Гьеб къабихIлъи лъухьулеб.

ЖахIда ккечIеб жигар-жан
Жагъалаб букIинаро.
ЖахIда цохIо буго дир –
БахIараб мех унилан.

# ГІарабазул кІалзул творчество



Къасабханалдаса гьанал кесекги бикъун, гІурухъехун балагьун лъутанила гьве. ГІурул рагІалда лъалхъараб гьелда лъелълъ жиндирго сурат бихьанила. Гьведа ракІалде кканила, гІурулъ жинда цоги гьвеги дагьабги кІудияб гьанал кесекги бихьулеб бугилан. ГІодоб лъун жиндирго гьангун, гьоцояб гьвехъа дагьабги кІудияб гьанал кесек бахъизе къасдгун, кІанцІун биччан танила гьве гІурулъе. ГьебсагІат боржунги бачІун, гьадица хъамун анила гІурул рагІалда батараб гьанал кесек. Жиндирго гьалатІ бичІчІараб гьве лъелълъа къватІибе бахъанила. Амма гьениб жинцаго тарабги гьанги батичІила. «ХъантІиялъ кІудияб гьанада хадуб бортараб дун, гьитІинабгицин гьанал кесекалдаса махІрумлъун хутІана» абун рекІекълъанила гьве.

***

ЦІакъго бакъ багІаридал, нохъоде лъутанила гъалбацІ. РагІдукь бегун рахІат босулеб бугеб гъалбацІида тІасанги кІанцІун, тІурун анила гІункІкІ. ХІинкъунтІуркІунгибачІун гъалбацІ сверухъе балагьанила.

ГъалбацІил рахІатхвей бихьараб цер хьим-хьимун белъанила.

«ГІонкІкІокьа хІинкъун гуребха дун тІуркІараб. ГьагъадигІан гьитІинаб рухІчІголъиялъул хІалкІолъиги адабтейги бихьуларищ, гьадигІан кІудияб – рохьил хІайваназулго парччахІ – дида тІасанги кІанцІун ине» – ян жиндирго хІинкъиялъе мукІурлъизе бокьичІила гъалбацІие.



***

Цо хважаинасул букIанила чуги хIамаги. Чу щибаб къоялъ кIалцIи бан кваназабулаанила, жал ххалаанила, чвердезе лъарахъе бачунаанила. ХIамайин абуни, хIалтIуца чIвалебги букIунаанила, чодуе гIадаб хъулухъги къиматги гьелъие щолароанила. Чодуе бугеб эркенлъиялда жахIда ккун букIунаанила хIама.

КватIичIого кканила рагъ. Кьолон чугун, анила бетIергьанчи рагъде. Рагъда ругъун щвараб чу, чанго къо иналде хванила.

Гьеб хабар лъараб хIамица абунила:

«Дун кидаго бахиллъун букIунаан чол рахIатаб гIумруялда. Амма бихьуларищха, гьеб пакъиралдаса дунго талихIаб букIун буго!» абун.

***

Борхатаб кьуртIеги бахун, хер кваналеб букIанила цIцIе. Гьеб бихьараб бацIил, цIигьанаде хьул лъунила. Амма кьурулъа эхеде ххаризе гьелда кIолеб букIинчIила.

«Ва талихIкъараб цIцIелжо! ГьадигIан гIатIидал тIогьол байдабиги, руччарал харибакIалги тун, гьедигIан рорхатал хъинсазде бахине ккани, дур гIакълулъаялъул мукъсанлъиго щиб! Цо хIетIе тараниги, бортун кIкIалал тIиналда речIчIун, ричIчIи лъугьине бегьула дур!» – ин абунила, гьелъул гIумруялъул кIудияб ургъел ккараб гIадин, бацIица.

«Дир гIумруялъул ургъалицани гуребха мун гаргалеб бугеб, дурго чехь цIезабизе бокьиялъин. БачIинареб дун, дур берцинал рагIабаздаги божун, битIун къорида тIаде. Дуе къадеквание дунго къурбан гьабизегIан гIадаллъунищ дун бугеб» абун, жеги эхеде, эхеде балагьун баханила цIцIе.

# Макъу

**Залпа Мусламадрасулова**

ЦIакъ гьунар бугев вас вукIанила. Гьес жинцаго ургъун гьарулаанила батIи-батIиял тIагIелал, тIаделъулаанила тIабигIаталъул хIикматал балъголъаби ралагьизе. Гьесул гIисинал квераз гьарурал самолетал роржунаанила, гуми лъедолаанила, ясикIаби кIалъалаанила.

Цо къоялъ гьев махщел камилав, квер дурусав васасда ракIалде кканила жиндиего гьудул-гьалмагълъунги кумекчилъунги вукIине роботгьавизе. Байбихьанила гьес хIалтIуде. ТIаде щванила роботалъе киналго лугбал гьарун, гьел данде ракIарун лъугIараб къо. Рукъалъул бокIнилъ маххул чиги вахъунчIезавун, вас гъапуллъун кканила.

Циндаго унго-унгояб хIикмат лъугьанила. Васасда бихьулеб бугила жинцаго гьавурав маххул чиясул инсан лъугьун. Гьев вугила сапаралъ вахъун унев. Гьесул бетIер бохун бугила киналго лугбаздаса жибго тIадегIан батиялдаса. БетIералъ киналго лугбазул тIалаб-агъаз гьабулеб бугила. Хасго хIатIаздехун букIанила гьалъул лъикIаб бербалагьи. Гьезда заз къазе гурин, ганчIилъ тункизе гурин бугила гьелда ургъел.

Гьедин хьвадулаго нахъа танила чанги борхатаб мегIерги гъваридаб кIкIалги. БетIералда рихьанила дунялалда ругелщинал хIикматал бакIал. Дунял бихьанагIан, гIумру лъанагIан гIамал кIодолъун лъугьанила бетIер. КIочон танила гьелда хIатIазул щиб хIал бугебали гIодобехун балагьизецин.

Гьеб унебго-унеб бугеб черхалда данде кканила цо херав чи. Гьев хIатIидаса ботIроде щвезегIан валагьанила черхалъухъ ва бетIер кIибикIизабунила бида рецIцIулел хIатIалги, хIулидул къандалъоялда тIад лъун рас бекичIого бугеб бетIерги бихьараб мехалъ.

— ВахI, щиб, бетIер, мун зобалазде гурони ракьалдегойищ балагьулареб? — ан гьикъанила херас.

Гьадингоги рилълъин хIинц-лъун бугилан хIатIазда щцин бахъараб бетIералъ пахруго бер речIчIизабунила, гъизил макъарги къан, бакI-бакIалдасан биги кIанцIун, ракI гъанцIизабулеб хIалалъ ругел хIатIазде. Гьезул сурукълъи бихьидал, жеги цо кинабали лъалареб рокьукълъиги бижанила бетIералъул гьезде. РакIалде кканила гьадигIан бегIукъал хIатIаз баччизе кколеб букIинчIебани кигIан лъикIинха жиндие букIинаанилан.

Гьезда бахъараб щцин бецIизего гIадин бетIералъ хIатIазе зазил хьондасан бугеб нух тIаса бищанила. КIиго-лъабго гали бахъилалдего къараб кIудияб зазалъ квегIаб хIетIе заназдизе лъугьанила. ХIатIазул рилълъин рекълъанила, гIодоб базабизего кIолеб букIинчIила квегIаб хIетIе. БетIералъ: «Нужее щиб ккараб?» — анцин гьикъичIила. «Чвархъезабуге дун!» — ан семанила гьеб. ХIатIал кIвараб яхI бахъун



кIовухъе церехун рилълъунел рукIанила. БетIералъ «хехго ва цокIалго церехун рилълъа!» – ян жеги кьварараб амру гьабунила. ХIатIазул къуватги жанги лъугIанила. Килищцин шуризабизе кIолареб хIалалъ свакарал гьел лъалхъанила.

«Лъалхъи... Гьанже гьаб букIана камураб жо! Гьедин батани дица нуж къотIун гьанире рехун тела!» – абун хъирхъиданила бетIер.

ХIатIал цо шуричIила, шуризе кIолеб хIалги букIинчIила. Ццидахараб бетIералъ хIатIал гьеб бакIалдаго къотIун тезехъин рукIанила, амма хехго рекIеда батанила.

БетIералъ пикру гьабунила жиндица хIатIал къотIун рехани, цоги лъикIал щвезе бакI гьечIогогурияан. Гьелъ кверазе буйрухъ кьунила босун цIцIалгун цIиркъил тIом гIадин чарлъиледухъ хIатIал рухизе.

Руханила квераз хIатIал, руханила. Ахирги кIалъанила бохдул: «ХIатIазда щибго гIайиб гьечIо. ГIайиб буго нижеда. Нижин абуни цIакъ свакан руго. Ниж чIун хутIиялъ хутIун руго чIаралъурго хIатIалги» абун.

– Нужеда цоцазул рахъ кквезеги ракIалда бихьула. Рухея бохдулги цIцIалаца, – ян ццин бахъун буйрухъ кьунила бетIералъ.

Руханила квераз бохдул, руханила, битIахъе цIцIаламухъал рахъун рукIанила гьезда. Амма бохдул чIаралъуса рагъаричIила, рухидал дагьалги хIал дагьлъун лъугьанила.

Гьедин рухулел ругел бохдузда ракI гурхIанила чехьалъул. Гьелъги ботIрода гьаранила:

– Бохдузда щибго гIайиб гьечIо. Дун гIайибияб батила гьел чIчIун хутIиялъе. Дун цIакъ биццалъун буго. Дир бакIлъиялъ батила бохдул свакаралги.

– Лъица мун биццалъизабураб?!

– Дуе бокьун берал хъантIана, беразе бокьун кIал кванана. Кварабщинаб дир къолонибе ккана. Кинха дун кIодолъичIогоги гIатIилъичIогоги букIинеб?

– Мун кIодолъиялъеги, берал хъантIиялъеги, кIал чIандеялъеги дун гIайибияб рагIулаха, – ян чехь бухизеги кверазе буйрухъ кьунила бетIералъ.

ЗахIматаб хIалалда ругел лугбаздаги черхалдаги гурхIанила ракI. Гьелъул гурхIел бухIилъун лъугьанила. Лъунила гьелда ругъун, бигъа-бетанила жаниб би. РакI чIанила. Гьелдаго цадахъ чIанила лугбазулъе хьвадулеб би. Гьанже хIатIазеги бохдузеги ургъел гьечIила кигIан руханиги. Амма гьел рухизе кIвечIила квераздa. Кваскваса лъул гьарурал жал гIадин далун хутIанила рекIелъан би щоларел гьел. Нур сванила беразул. Сверизе лъугьанила жибго бетIерги.

Циндаго дунялалъул берцинлъи бихьизе унев вукIарав инсан гьеб бакIалда нухда щапанила ва, ганчIилъги щун, гирун анила бетIерги...

Вас тIуркIун ворчIанила...

Гьев воханила маххул чи рукъалъул бокIнилъ жинцаго тараб бакIалда вахъунчIун ватиялдаса.

# Эбелалул аниш

*ПIаишат Малачиева*

Мун кинавлъун вукIинев,
Кидаго икъбал кьеяв,
Дунял-ахираталъул
ТалихI дуй насиблъаяв.

Огь, дир гIищкъу, дир аниш,
Мун гIадамлъун вукIине,
ГъалатIал гIемерлъичIев,
Мекълъи-тIекълъи биччачIев.

Гьересидаса рикIкIадав,
РекIкIгин хIилла лъаларев,
ХIалихьалъи бегьичIев,
ЧIухIдаризе лъугьинчIев.

РигьтIа вахъун, как балев,
Киналго кIалал кколев,
Нигатгун-къас бацIцIадав,
БетIергьан разилъулев.

Мун кинав дий бегьулев?
Божи ритIухъ гьабулев
ГIадамазе пайдаяв,
ГIагарлъи бакIарулев.

ГIелму тIалаб гьабизе,
ГIакълу-лъай дур барщизе,
Бабал берал кунчIизе,
РекIел чирахъ гвангъизе.



# Лъимал, бице, щиб кколеб?

***

Расул кунал гIадаб тастарги бессун,
Тохаб хIутIги тIутIги кквезе гъураб гьин?



***

Мугъзалъа битIараб, бетIер гурараб,
Галадун унесул лъабабилеб бох?



***

Мугъзада кквезе ккани,
Квасул къвалалъ бухьунеб,
Къеч нахъе бачахъизе
Чехь жаниб лълъадал цIолеб.
Пахьул къебед тIад хIалтIун,
ХIанкъвалъун берцинлъулеб.
БахIаралъ тIаса бацIцIун,
ЦIцIорол матIуйин кколеб?



# РухIчIаголъабазул дунялалда

## ЩУРУНКЪВЕРКЪ

I94 батIияб тайпаялъул щурункъуркъбуз гIумру гьабулеб буго ракьалда тIад. Гьезие цIакъ бокьула хинлъи. Гьединлъидалин хинал улкабазда щурункъуркъби гIемер дандчIвалел. Гьел рихьизе бегьула рохьаздаги, авлахъаздаги, мугIрузул ахалъабаздаги. Хасго гьезие бокьула лъим гIемераб бакI. Руго ралъдалъ гIумру гьабулелги. ДандчIвала я хIор, я хьуцI, яги гIорцин гьечIел бакIазда ругьунлъарал щурункъуркъбиги. Севералде къанагIан къанагIат гурони ратуларел щурункъуркъби, экваторалде гIагарлъанагIан гIемер рихьула.

Цогидал хIайваназда дандеккун халгьабуни щурункъверкъ ккола цIакъго сабураб рухIчIаголъи. Щибниги гьабуларо гьел хIикматал хIайваназ гIедегIалихъе. ГIедегIичIого рилълъанхъула, гIедегIичIого босула хIухьелги. ХIалакинчIого биуна гьелъул ургьиб квен. Гьабугьинан хьвадула гьелъул чорхолъ би. Гьелъулъ батила щурункъверкъалъе халатаб гIумру щвеялъе гIиллаги. Зоопарказда хьихьарал гьезул цо-цоялъ I50 соналъ гIумру гьабулилан абула.

Щурункъверкъалда кIола гIемераб мехалъ хIухьел ккун чIезе. Ракъдада ругьунаб щурункъверкъ хIоринибе рехани, лъедезе лъалареб гьеб пакъир букъун гамачI гIадин тIинде унила. Цинги тIиндасан хъурщулила рагIал батизегIан. Гьебгощинаб мехалъ хIухьел цIачIого чIезе кIолила гьелда. Гьединго бакъун чIезеги кIолила щурункъверкъалда. Анкьаз, моцIаз, соназ квен щвечIониги щибго къварилъи лъаларила гьелда.

Парижалъул цо зоопаркалда гIумру гьабулеб щурункъверкъ



6 соналъ квен гьечIого тун буго. Гьелгощинал соназ квен щвечIониги щибго лъугьун гьечIо гьеб пакъиралъе.

Щурункъверкъалъ ханал гьарун, гьел салулъ рахчун толила. Чамалиго моцI индал гьезул тIанчIи рахъунила ва эбелалъул кумек гьечIого, жалго жидедаго чIун гIумру гьабизе лъугьунила.

Бищунго гьитIинаб тайпаялъул щурункъоркъол халалъиялда гIицIго I8 см букIунеб батани, кIодочазул халалъи цогун бащдаб метроялде ва борохалъи 1метралде бахуна. 600 кг букIунила гьезул цо-цоязул цIайи. Бицуна щурункъуркъбузул гьан цIакъ тIагIамаб букIунилан.

ГьединлъидалнуснуссоназцебегоинсанасгьелрухIчIаголъабаздечан гьабизе байбихьанила.

XУI-XУII веказул сапарчагIазул биценазда рекъон доб заманалда Мадагаскар чIинкIиллъиялда дандчIвалел рукIун руго 2000-3000 щурункъверкъ цадахъго чIараб рехьед. Европаялдаса Индиялде унел гуми кидаго гьеб чIинкIинлъиялда лъалхъулел рукIун руго ва гьениса нус-нус щурункъверкъги бачун унел рукIун руго. СапарчагIаз гьираялда кваналеб букIун буго гьезул тIагIамаб гьан. Ракъдалал чIинкIиллъабазда гIумру гьабулел чIахIиял щурункъуркъбузул пунцIилаялъуб батулила лъадал нахърател. Гьеб лъалел къечарал нухлулаз щваралъуб щурункъверкъ чIвалила, чехьги бихъун гьелъул пунцIилаялъуб батараб лъим гьекъолила.

ГIадамаз гуреб гIалхул хIайваназги хIалхьи толаро ракълилал, пакъирал щурункъуркъбузе. Рохьазда ва авлахъазда гIумру гьабулел щурункъуркъбузул гьан цIакъ бокьула бацIазе, цIиркъазе, цурдузе ва цогидал жанаваразе. Ралъдалъ гIумру гьабулел щурункъуркъбузде чан гьабула акулабаз ва китаз. Кибго хIалхьи гьечIо гьезие. Гьединлъидал, хIинкъи буго щурункъуркъби ракьалдаса тIагIиналда.

# РитIучIги лълъурдулги



Лъарал рагIалда лъим гьекъолеб букIараб ритIучIалда гьениб жиндирго сурат бихьанила.

– Лълъурдул дир берциналги кIудиял-ги руго! Амма боходул лъикIал гьечIо, цIакъго тIеренал руго! – абун ракIалде кканила гьелда.

Гьединал пикрабазда ритIучI букIаго, баккун бачIанила гъалбацI ва гьелда хадуб лъугьанила.

ТIуранила ритIучI авлахъ чIван. Хадуб гьолеб букIанила гьелда гъалбацI. ТIурун борчIизеги бегьилаанила ритIучI, гьутIбузул гIаркьалабазда ран лълъурдуз ритIучIалъе кIудияб квалквал гьабунила. Щванила гьеб гъалбацIалъухъе кквезе.

РухI босилалде ритIучIалъ пикру гьабунила: «ГIабдал букIун буго дун! Сурукъаллъун рикIкIарал боходуз дир гIумру хвасар гьабулеб букIана. Жидедаса дун чIухIарал лълъурдуз дир гIумру хвезабизехъин букIана».

# ГIурус классиказул асарал

## А.С.Пушкин

### ЧЧУГIИХЪАНАСУЛГИ ЧЧУГIИЛГИ ХIАКЪАЛЪУЛЪ МАРГЬУ



Цо хъахIилаб ралъдал рагIалда херав
ВукIана кIодогун гIумру гьабулев.
Ракьул чIабар бугеб хъощ гIадаб рокъоб
Лъебералда лъабго сон бараб цадахъ.
Херас, гьинги рехун, ччугIа кколаан,
КIодоца жиндирго кун дургъулааан.
Цо нухалъ ралъдалъе рехараб гьиналъ
Гьесие бачIана бахъун хIаргщ-кIкIабатI.
КIиабилеб нухалъ рехараб гьиналъ
Гьениса бачIана бахъун ралъдал хер.
Лъабабилеб нухалъ рехараб гьиналъ
Херасе бачIана бахъун цо ччугIа:
Цогидал гIадинаб гIадатаб гуреб,
Жибго меседилаб, кIалъазе лъалеб.
КIалъана херасда меседил ччугIа,
ГIадамазул мацIалъ абуна гьесда:
«Гьарула, херав чи, биччай дун нахъе,
Биччай дун ралъдалъе, ракI бухIиларо:
Дица гьеб гьарзаго дуе бецIила,
Щиб хIажалъаниги, чIезе гьабила».
Херав хикIмалъана, хIинкъун лъугьана, -
Гьединаб жо жеги бихьун букIинчIо,
ЛъебергогIан соналъ рагIун букIинчIо.
Биччан тана херас меседил ччугIа
Ва хIеренаб мацIалъ кIалъана гьелда:
«Сахлъи кьеги дуе, меседил ччугIа!
Дуца дие щибго кьезе ккеларо,
А дурго хъахIилаб ралъдалъ сверизе,
Гьелъул гIатIилъабахъ гIумру гьабизе».

Вилълъана жиндирго кIодохъе херав,
КIодоца бицана бихьараб хIикмат:
«Дица гурищ жакъа цо ччугIа ккураб,
Цогидал гIадинаб гIадатаб гуреб:
Жибго меседилаб, кIалъазе лъалеб,
Нилъер къагIидаялъ гара-чIварулеб.
Нахъе биччайилан гIемер гьардана,
Гьарзаго бецIилин цIакъ гьедарана,

Щиб хIажалъаниги, кьелин абуна.
Гьелъухъа щибниги дица босичIо,
Биччана гьадинго хъахIил ралъдалъе».
Ццин бахъун, семена кIодо херасде:
«Гьай, ахIмакъя! Унго, цо дур гIадаллъи!
ЧчугIидаса гIакIа боссе кIоларев!
ТIокIаб жо кIваричIин, хIерчч щай босичIеб,
Нилъераб тIубанго бек-бекун бугин».

Херав нахъвуссана хъахIил ралъдахъе,
(Бихьана тIадагьго гьелчолеб ралъад.)
Меседил ччугIиде гьас ахIи бана.
АскIобе бачIун, гьелъ гьесда гьикъана:
«Бице, щиб хIажатаб дуе, херав чи?»
ХIурмат гьабун, херас гьелда бицана:
«БетIерчIахъад ччугIа, тIасалъугьа мун,
Семана дир кIодо диде, ццин бахъун,
Дие рахIат-хIалхьи биччалеб гьечIо:
Гьелъие цIияб хIерчч хIажалъун буго,
Нижераб тIубанго бек-бекун буго».
Меседил ччугIица жаваб гьабуна:
«Пашманлъуге, вусса дурго кIодохъе,
Нужее цIияб хIерчч букIине буго».

Вуссана жиндирго кIодохъе херав,
КIалтIа лъун бихьана гьесда цIияб хIерчч.
Амма гьей гьелдаса разияй гьечIо,
Гьалаглъун гьей гьасде семулей йиго:
«Гьай, ахIмакъя! Унго, цо дур гIадаллъи,
ЦохIо хIерччги гьарун, нахъе вуссунев!
Гьалъ нилъее кинаб пайда гьабилеб?
ВачIарабго нухалъ вусса ччугIихъе,
БетIер къулун гьаре, рукъзал кьейилан».

Херав нахъвуссана хъахIил ралъдахъе.
(Бихьана хъудулеб хъахIилаб ралъад).
Меседил ччугIиде гьес ахIи бана,
АскIобе бачIун, гьелъ гьесда гьикъана:
«Бице, щиб хIажатаб дуе, херав чи?»
ХIурмат гьабун, херес гьелда бицана:
«БетIер чIахъад ччугIа, тIасалъугьа мун!
Дагьайги цIакъ кIодо йиго ццин бахъун,
Дие рахIат-хIалхьи биччалеб гьечIо;
Гьей намусгьечI йиго рукъзал къваригIун!»
Меседил ччугIица жаваб гьабуна:
«Пашманлъуге, вусса дурго кIодохъе,
Нужей цIиял рукъзал рукIине руго.
Вилълъана жиндирго рокъове херав,
Рукъ букIараб бакIцин бихьулеб гьечIо;



Гьесда цере руго берцинал ригьзал,
БагIар кирпичалъул ва кIитIалаял,
Миккил цIулал руго каваби гьарун,
Кисанго сверухъе руго гьел къачIан
Гордухъ гIодой кIусун кIодоги йиго,
КIалдиб бачIанщинаб росасде хъвалей:
«Гьай, ахIмакъя! Унго, цо дур гIадаллъи!
ЦохIо рукъзалги щун, вуцIцIухIун чIолев!
Вусса мун нахъеги хъахIил ралъдахъе,
ХIурмат-адаб гьабун, гьаре ччугIида:
Бокьун гьечIо тIокIалъ лагълъун йикIине,
Бокьун буго дие бика яхъине».
Меседил ччугIица жаваб гьабуна:
«Пашманлъуге, вусса дурго рокъове».

Вуссана жиндирго кIодохъе херав.
Гьабго щиб гIаламат?! Рорхатал сиял.
Рагъида эхетун чIун йиго кIодо,
ЧIухIадго берцинаб парталги ретIун;
Харадул шал буго гIадатIе рехун,
Маржаназул цIалаз керен буго цIун;
Килщазда меседил баргъичал руго,
ХIатIазда багIарал мачуял руго.
Хъулухъалъе тарал свак гьечIел лагъзал,
Рас цIа-цIан, гьелъ инжит руго гьарулел.
Херав болъодухъа тIаде вахана,
Жиндирго кIодода кIалъай гьабуна:
«Сахлъи кьеги, бика! Иш лъикI бихьула,
ГьанжегIаги дур ракI рази батила».
КIодо ццидахана, яхъун семана,
Чол бокьов хIалтIизе буюрухъ кьуна.

Гьале цо анкь ана, кIиго анкь ана,
КIодол дагьабги цIакъ ццин гьалаглъана.
Нахъеги ччугIихъе витIана херав:
«ХIурмат-адаб гьабун, гьаре ччугIида:
Бокьун гьечIо тIокIалъ бикалъун чIезе,
Бокьун буго дие ханлъун яхъине».
ХIинкъун лъугьун, гьелда гьардана херав:

«Дуца бицунеб щиб, гIадаллъунищ мун?
Хьвадизе, кIалъазе дуда лъаларо,
Улкаялъ дур рагIухъ гIинтIамиларо».
Гьанже кIодол жеги ццин гьалаглъана,
Росасул гьурмада босун хъат бана:
«Кинан кIолеб дуда диргун къец базе,
Бикал рагIи къотIун, данде кIалъазе?
Берцинго абула, а мун ралъдахъе,
ИнчIони, хIалица вачун, витIила».



Нахъеги ралъдахъе къокъана херав.
(Бихьана чIегIерлъун хъахIилаб ралъад.)
Меседил ччугIиде гьес ахIи бана,
АскIобеги бачIун, гьесда гьикъана:
«Бице, щиб хIажатаб дуе, херав чи?»
Херас, хIурмат гьабун, гьелда бицана:
БетIерчIахъад, ччугIа, гурхIа дида мун,
КIодо гьанже тIубан гIадаллъун йиго:
Бокьун буго гьелъий ханлъун яхъине».
Меседил ччугIица жаваб гьабуна:
«Пашманлъуге, вусса дурго рокъове.
ЛъикI буго. Яхъина дур кIодо ханлъун!»

Нахъвуссана херав гьанже кIодохъе,
Гьесда цере руго чIухIарал гьундул;
Гьениб цо кIалгIадухъ тахбакIида тIад,
Ханлъун яхъун, кIодо йиго гIодойчIун.
Гьелда сверухъ руго хъаравулзаби,
Хъатикь кинацаго гIаштIал руго ккун.
Хъулухъалъе чIарал нукарал руго,
Жадул, гьацIцIул лълъарал цIун кьолел руго,
Данде кунеб буго килас-пряник,
Кепалъе бечедаб тIутI буго гIуцIун.
Гьеб кинабго бихьун, херав тIуркIана,
КIодода цеве гьев накалда ккана:
«ЧIахъун таги, бика! Иш лъикI бихьула,
Гьанжениги дур ракI рази батила».
КIодоца гьесдехун цо бер тIамичIо,
Цевеса хъамизе буюрухъ кьуна.
Ва цо лахIзаталде нукарзабаца,
Гъванщаги ккун, херав къватIив рехана.
Гьенир, хадур рачIун, гIащтIичагIаца,
ГIадалълъ кьабун, чIвазе зарра хутIана.
Халкъалъги, тIад релъун, гIад-хочI гьавуна:
«Гьединан рекъараб дуй, херав ахIмакъ!
Нахъе-нахъе, гIабдал, гIадахъ босе дарс:
Дур гуреяб чода рекIун хьвадуге!»

Гьедин цо анкь ана, кIиго анкь ана,
КIодол дагъабги цIакъ ццин гьалаглъана.
Гьелъ росасда хадув чапар витIана,
Валагьун гьелъухъе вачун вачIана.
КIодоца гьесие буюрухъ кьуна:
Вусса мун нахъеги хъахIил ралъдахъе.
ЧIобогояб ханлъи гьечIо дий бокьун,
Ралъдал бетIергьанлъи буго къваригIун;
Океаналда тIад кверщел гьабизе,



Гьелъул гІатІилъуда гІумру тІамизе;
Меседил ччугІица лагълъи гьабизе,
Гьеб дир рагьтІателлъун лъугьинабизе».
Херасул хІал гІечІо данде кІалъазе,
КІодол рагІиялде инкар ккун чІезе.
Нахъеги вилълъана хъахІил ралъдахъе,
(Ралъдада чІегІераб кІкІуй буго бетун).
Карачелал руго ццидалъ хъудулел,
Цин рагІалде роргун, цин жанир кІанцІун.

Меседил ччугІиде гьес ахІи бана,
АскІобе бачІун, гьелъ гьесда гьикъана:
«Бице, щиб хІажатаб дуе, херав чи?»
ХІурмат гьабун, херас гьелда бицана:
«БетІерчІахъад ччугІа, гурхІа мун дида!
Дица щиб гьабилеб хваяй кІодода?
Бокьун гьечІо гьелъий ханлъун йикІине,
Ралъдал бетІергьанлъи буго къваригІун:
Океаналда тІад кверщел гьабизе,
Гьелъул гІатІилъуда гІумру тІамизе;
Мунги гьелда цебе лагълъун букІине,
Гьелъул рагьтІателлъун даим лъугьине».
Меседил ччугІица рагІи абичІо,
РачІ кьабун, тІираби рахъинаруна,
Гъваридаб ралъдалъе букъун, тІагІана.
Гьелъул жавабалъухъ ралъдал рагІалда
Херав гІемер мехалъ чІана валагьун.
Ахирги хьулкъотІун рокъов вилълъана,
Жиндирго кІодохъе нахъе вуссана.
Валагьана – гьесда цебе эхетун,
Цебего гІадинаб буго добго хъощ:
ГІодойчІун ургъалилъ кІодоги йиго,
КІалтІа лъун бекараб доб хІерччги буго.

Буссинабуна МухІамад СагІидовас





Соколёнок

# Лачен

ISSN№0203 - 3682

1/2018

январь–февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Худ. редактор** З.Даганов
**Тех.редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60x84 1/8.
Уч. изд. л. 3,18.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 14.03.2018 г.
Тираж 961 экз.
Заказ № 159.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.